



Pou Piblikasyon Imedya: 01/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SOULINYE PWOGRÈ SINIFIKATIF NAN REVITALIZE WOUT  
AK PON ETA NEW YORK YO AN 2023**

***Plis pase 2,414 km liy otowout-amelyore, 1.1 milyon twou bouche ak plis pase  
2,800 pon ranplase oswa amelyore atravè Eta a***

***Pwojè amelyorasyon pavaj ak pon yo reprezante yon investisman ki plis pase 2.4  
milya dola nan enfrastrikti transpò enpòtan New York la***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te amelyore plis pase 2,414 km liy otowout eta ak lokal epi yo te ranplase oswa amelyore plis pase 2,800 pon pandan ane 2023, yon reyalizasyon sinifikatif nan inisyativ kontinyèl New York la pou modènize enfrastrikti transpò enpòtan li an. Pwojè sa yo pa Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT) ak Otorite Thruway (Thruway Authority) te reprezante yon investisman plis pase 2.4 milya dola nan wout ak pon New York yo epi yo reflekte angajman istorik Gouvènè Hochul te pran pou revitalize enfrastrikti New York nan rekonekte kominote yo, ankouraje kwasans ak amelyore rezistans kont chanjman klimatik yo.

"Pandan sezon konstriksyon sa a, nou te akselere efò nou pou etabli rekò pou modènize rezo transpò New York la ak amelyore vwayaj atravè eta a", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pwojè pavaj ak pon sa yo pral bay otomobilis yo nan chak kwen eta sa a yon vwayaj ki pi fasil pandan y ap ede asire rezo transpò nou an ka pami rezo ki pi rezistan ak dirab nan nasyon an."

Pandan 2023, Depatman Transpò Eta New York la te amelyore 2,552 km liy sou otowout eta ak lokal yo, sa ki reprezante yon investisman 753 milyon nan wout New York yo. Refè sifas la enkli plis pase 805 km liy amelyorasyon ki te finanse nan Pwogram Pave Twou Nou yo Gouvènè Hochul la. Anplis de sa, NYSDOT te ranplase oswa amelyore 2,833 pon nan tout eta a, sa ki totalize yon investisman prèske 1.7 milya dola ki te amelyore sekirite, amelyore dirabilite ak ranfòse rezistans kont enpak move tan yo.

Reyalizasyon pavaj ak pon yo sibdivize an rejyon enkli:

	Km Liy	Pon yo
Distri Kapital	132	117
Mohawk Valley	85	157
New York Santral	52	434
Finger Lakes	177	320
Rejyon Lwès New York	320	745
Southern Tier	221	335
North Country	182	29
Mid-Hudson	175	302
Long Island	208	263
Vil New York	34	131

Fòs antretyen Depatman Transpòtasyon Eta a te travay agresif tou pandan tout ane a pou konbat twou yo, yo te konble anviwon 1.1 milyon twou pandan ane 2023. Twou yo fòme prensipalman akòz enfiltrasyon dlo nan twotwa yo atravè fisi ki gen nan sifas la.

Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul a, Eta New York ap fè envèstisman istorik nan enfrastruktir. Plan Kapital Eta a ki koute 32.8 milya dola pou 5 ane yo te adopte an 2022 ki se pi gwo plan eta a janm adopte epi ki pral ede akonpli vizyon gouvènè a pou yon sistèm transpò modèn ki sèvi tout Nouyòkè yo. Gouvènè a te fè amelyore kondisyon wout yo yon priyorite ak nouvo pwogram tankou Pave Twou Nou Yo Depatman Transpò a, ki te atribye 500 milyon dola pou amelyore wout lokal yo ak 500 milyon dola pou otowout eta yo nan kad Plan Kapital Eta pou 5 an. Sa se pou ajoute sou lòt pwogram Eta, tankou CHIPS, PAVE NY, State Touring Routes, ak lòt pwojè kapital ki pwograme atravè eta a.

Anplis de sa a, Otorite Thruway Eta New York la te reyenvesti 78.3 milyon dola nan peyaj pou rekonstwi oswa reyabilite plis pase 261 km liy nan sistèm Thruway la. Anplis refè sifas wout la, te gen tou amelyorasyon enpòtan pou sekirite yo te fè tankou reparasyon ray gid yo, makaj liy, siyalizasyon, ak amelyorasyon drenaj.

**Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Gouvènè Hochul kontinye montre angajman li pou kenbe tout otomobilis nan New York yo an sekirite epi konekte nan repare ak restore wout ak pon nou yo, pou fè yo pare pou fè fas ak defi 21èm syèk yo. Amelyorasyon nou te fè an 2023 yo pral ede fè rezo transpò nou an pi rezistan epi ede asire Nouyòkè yo ka rete an mouvman pandan n ap konfwonte reyalyite chanjman klimatik la."

**Direktè Egzekitif Pwovizwa Otorite Thruway la, Frank G. Hoare, Esq. te deklare,** "Thruway la kontinye rete youn nan otowout ki pi an sekirite epi ki pi fyab nan peyi a akòz plizyè santèn milyon dola nan peyaj ke yo reyenvesti chak ane. Pwogram Kapital senkan Thruway la ap ogmante depans yo a 25 pousan epi l ap mennen nan travay esansyèl sou otowout 917 km lan ki pral amelyore eksperyans chofè yo pou jenerasyon k ap vini yo."

**Reprezantan Brian Higgins te deklare,** "Angajman Gouvènè Hochul pran pou rebati wout ak pon yo ap poze fondasyon pou kominote ki pi solid ak yon ekonomi vibran. Gras a lidèchip ak resous Gouvènè a te rann posib gras ak Lwa sou Enfrastrikti Bilateral (Bipartisan Infrastructure Law, BIL) la, nou ka atann lòt pwojè, k ap sipòte travay ki byen peye pou Nouyòkè yo nan ane k ap vini an."

**Reprezantan Ritchie Torres, te deklare,** "Mwen te fyè pou m fè patenarya ak Gouvènè Hochul pandan ane ki sot pase a pou m travay pou amelyore enfrastrikti enpòtan distri mwen an nan Bronx. Kominote nou an te istorikman neglije epi manke finansman pandan twò lontan. Envesti nan pwojè tankou repare wout yo ka sanble yon bagay nòmal, men li gen yon gwo enfliyans sou eksperyans lavi chak jou rezidan Bronx yo. Soti nan amelyore Cross Bronx Expressway pou plis ankò, nou pral inogire yon nouvo epòk pou Bronx."

**Senatè Eta Tim Kennedy te deklare,** "Nan chak kwen New York, n ap modènize ak repare rezo transpò nou yo pou kenbe eta nou an an mouvman. Mwen vle rekonèt ak bat bravo pou travay di ekip konstriksyon nou yo ki fè amelyorasyon sa yo pandan y ap kenbe sikilasyon an mouvman, tankou nan move tan ak nan lè an reta yo. Travay ou pa pase inapèsi oswa li pa rete enkonni. Mèsi tou a Gouvènè Hochul, Komisè Dominguez, ak Direktè Egzekitif Enterimè Hoare paske yo te sipèvize travay sa a epi asire li te fini atan pou kòmansman sezon ivè a."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418